

**Sa Ou Dwe Konnen**

Chè Benefisyè Medicaid:

**Èske w se yon paran selibatè k ap okipe yon timoun ki poko gen 21 lane epi w ap resevwa Medicaid pou tèt ou ak/oswa timoun sa a?**

Ou ka aplike pou w benefisye de sipò pou timoun ou a. Si ou te fè sa, men sa ou ta ka jwenn:

1. Lajan kach ak/oswa sipò medikal pou pitit ou a.
2. Etablisman patènité legal.
3. Lòt sipò tankou gadri oswa depans edikasyon.

**Enskri jodi a!**

**1**

**Ranpli epi soumèt fòm enskripsiyan an. Pou w ka fè sa, sèvi avèk swa aplikasyon mobil lan oswa pase pran fòm la nan Biwo Sèvis Sipò Timoun Vil New York (OCSS).**



Aplikasyon  
mobil

**A) Sèvi ak Aplikasyon Mobil Access HRA Child Supportl a;**

Ranpli fòm enskripsiyan ke yo egzije asou Entènèt. Pou w fè sa, w ap bezwen reponn kesyon yo epi voye fòm la elektwonikman. Telechaje aplikasyon an jodi a epi kòmanse nan [nyc.gov/childsupportmobile](https://nyc.gov/childsupportmobile).



LDSS-4882

**B) Telechaje fòm enskripsiyan an (LDSS-4882);**

Telechaje, ranpli, epi soumèt LDSS-4882 la pa imèl ([dcse.cseweb@dfa.state.ny.us](mailto:dcse.cseweb@dfa.state.ny.us)) ak sijè "LDSS-4882"), pa lapòs, oswa nan moun nan yon biwo minisipalite. Ou ka jwenn adres lapòs ak adres biwo yo nan <https://on.nyc.gov/contactocss>.



Kontakte  
ocss

**C) Jwenn yon fòm enskripsiyan papye ke y ap voye pou ou pa lapòs oswa pase pran youn an pèsòn.**

Rele Liy Asistans pou Sipò Timoun Eta New York la (888-208-4485) pou voye LDSS-4882 la ba ou oswa vizite yon biwo Borough Office pou w pran yon kopi. Ou ka jwenn lokalizasyon biwo yo ak lòt fason pou kontakte OCSS nan <https://on.nyc.gov/contactocss>.

**Vire paj la**

2

## Kontakte OCSS pou nenpòt kesyon oswa pou w aprann plis.

OCSS la la pou sipòte ou menm ak fanmi ou.

- Aprann plis sou Entènèt nan nyc.gov/hra/ocss.
- Kontakte nou pa imèl nan dcse.cseweb@dfa.state.ny.us.
- Jwenn plis fason pou kontakte nou nan <https://on.nyc.gov/contactocss>.

Al tout kè mwen,

Reprezantan Sipò Timoun Ou

**Èske ou gen yon pwoblèm medikal oswa sante mantal oswa yon andikap?** Èske pwoblèm sa a rann li difisil pou ou konprann avi sa a oswa pou w fè sa avi sa a mande w yo? Èske pwoblèm sa a rann li difisil pou ou jwenn lòt sèvis nan men Resous imèn (HRA)? **Nou kapab ede w.** Rele nou nan 888-692-6116. Ou kapab mande èd tou lè ou ale nan yon biwo HRA. Ou gen dwa pou mande kalite èd sa a selon lalwa.